

Kisa Garanti Lekti pou Twazyèm Ane nan Ohio a ye?



Garanti Lekti pou Twazyèm Ane nan Ohio a se yon lwa lekòl ki nan Ohio yo dwe suiv apati kindègadenn (Gade [Kòd Revize Ohio](#) 3313.608).



Lwa a egzije pou lekòl yo:

- 1) **Teste konpetans lekti** tout timoun ki nan kindègadenn rive nan twazyèm ane nan kòmansman chak ane lekòl.
- 2) **Di fanmi yo alekri si pitit yo a pa li jan li ta dwe li pou nivo klas li** dapre rezilta tèst yo. Lalwa a presize detay lekòl yo dwe bay fanmi yo konsènan rezilta tèst yo ak plan lekòl la pou aprann timoun nan li nan lekòl la.
- 3) **Bay timoun nan enstriksyon espesyal, yo rele sa sèvis entèvansyon.** Sèvis yo dwe espesifik pou bezwen aprantisaj pitit ou a si li te fè yon nòt ki pi ba pase nivo klas li nan tèst la. Sèvis entèvansyon yo dwe baze sou [syans nan sa ki lye ak lekti](#).
- 4) **Kreye yon Plan Amelyorasyon ak Siveyans Lekti nan espas 60 jou** apati dat pitit ou a te fè tèst lekti a nan kòmansman ane a. Pwofesè klas timoun nan ak paran/responsab legal la dwe patisipe nan kreyasyon plan sa a.

Poukisa nou gen lwa sa a nan Ohio?

Timoun ki pa li nan nivo klas yo ladan an ap gen difikilte nan lekòl la si yo pa jwenn èd siplemantè. Yo gen kat fwa plis chans pou yo kite lekòl segondè.

Kisa m ka fè pou ede pitit mwen ratrape l?

Paran yo ka fè anpil bagay pou ede pitit yo li chak jou!

- **Felisite pitit ou a souvan lè l li.** Li vrèman enteresan lè yon timoun fè pwogrè nan sa ki lye ak lekti. Pataje kijan ou fyè de pwogrè yo.
- **Bay pitit ou tan pou l pratike konpetans lekti ak ekriti li deja aprann nan lekòl la.** Mande pwofesè pitit ou a ki konpetans egzak pou l travay sou yo.
- **Tande pitit ou a pandan l ap li.** Gen kèk liv, yo rele liv dekodab, ki bon anpil pou pratike kèk konpetans lekti espesifik. Mande pwofesè a oswa yon bibliyotèk pou ba w kèk egzanp liv ki koresponn ak sa pitit ou a bezwen pratike yo.
- **Si li fè yon erè, mande l pou l reli mo a dousman.** Fè pitit ou a reli fraz la nèt pou asire w li konprann sans li.
- **Pa gen pwoblèm pou w pran yon poz si pitit ou a bezwen sa. Eseye kat ki reprezante lèt yo, jwèt edikatif, lòt jwèt ak materyèl aprantisaj, oswa travay sou ekriti pito.** Aprantisaj ka fèt nan plizyè fason diferan.
- **Konsève liv ak materyèl pou ekri tout kote pitit ou a pase tan chak jou.**
- **Pale ak pwofesè pitit ou a chak mwa** oswa pi souvan, sou pwogrè li fè nan lekti lakay ou, epi mande detay sou kijan tan lekti a ap pase lekòl la.



Ohio Statewide
Family Engagement Center
— at The Ohio State University



**Department of
Education &
Workforce**

Kesyon pou poze pwofesè a

- **Ki done lekòl la kolekte** sou lekti ak ekriti pitit mwen an pou ane lekòl sa a? Èske m ka jwenn yon kopi rezilta yo? (Nòt pou paran yo: Si rezilta yo pa klè, mande plis enfòmasyon pou w kapab konprann.)
- **Ki kourikoulòm ak materyèl yo itilize ak pitit mwen an** nan moman lekti ak ekriti yo?
- **Kisa ki pase pandan moman lekti ak ekriti nan lekòl la?** Èske pitit mwen an kapab konsantre l epi patisipe nan leson yo? Èske li sanble ap fè pwogrès? Si non, ki lòt bagay lekòl la ta ka fè pou pi byen ede pitit mwen an aprann?
- **Si pitit mwen an pa fè okenn pwogrès nan mwa k ap vini an**, Ki lòt opsyon mwen genyen nan sistèm lekòl la pou m ka jwenn plis èd pou pitit mwen an??

Èske pitit mwen an ka ale nan katriyèm ane si li pa reyisi egzamen lekti a?

Wi. Lekòl yo ka rekòmande pou kèk elèv double yon pati oswa tout twazyèm ane a paske yo pa rive nan nòt nòmal pou nivo klas la nan sa ki lye ak lekti nan twazyèm ane. Elèv yo ka toujou ale nan katriyèm ane dapre egzansyon ki lwa sa a.

Ekzanpsyon sou kesyon double twazyèm ane

- 1) **Paran yo ka mande pou pitit yo ale nan katriyèm ane**, aprè yo fin pale ak pwofesè pitit yo a ansanm ak direktè lekòl la sou nòt lekti yo ak opsyon yo genyen pou yo resevwa sipò pou lekti yo. Se paran yo ki gen otorite final sou desizyon sa a. [Pou jwenn plis enfòmasyon sou egzansyon sa a, ale sou sit wèb Sant Angajman Fanmi nan Eta Ohio \(Statewide Family Engagement Center\) a.](#)
- 2) **Elèv k ap resevwa sèvis nan lang anglè** ki gen mwens pase twa lane sipò nan lang anglè ka ale nan katriyèm ane.
- 3) **Elèv k ap resevwa sèvis edikasyon espesyal** ki gen yon mansyon ekri nan IEP yo kipresize yo egzante.
- 4) **Elèv k ap resevwa sèvis edikasyon espesyal** ki deja suiv kou ratrapaj entansif nan sa ki lye ak lekti pandan lane lekòl men ki toujou pa li nan nivo klas yo a.
- 5) **Elèv ki te resevwa kou ratrapaj entansif nan sa ki lye ak lekti pandan lane lekòl epi ki deja double yon klas** ant kindègadenn rive nan twazyèm ane..
- 6) **Elèv ki rive reyisi nan yon lòt egzamen** eta a apwouve.

Ki sipò yo bay elèv yo aprè twazyèm ane?

Menm si yo rele sa garanti lekti pou twazyèm ane, lekòl yo dwe kontinye bay sipò pou elèv ki pa li nan nivo klas yo rive jis nan 12^{yèm} ane. Mande lekòl pitit ou a ki sipò yo bay pitit ou a jiskaske li rive li nan nivo klas li ye a.

Ou Gen Kesyon?

Voye yon imèl bay ThirdGradeGuarantee@education.ohio.gov.